

Зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ и лъабжьэу

2-нэ нап.



ХьэжыщIхэр къэкIуэжащ

3-нэ нап.



Усыгъэр, макъамэр, уэрэдыр зэщIыгъуу

4-нэ нап.



ЕхъулIэныгъэ зиIэ ныбжьыщIэхэр

4-нэ нап.


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№78 (24.984) • 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 30, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ




## Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ зэхуэсышхуэ

**Мэкъуауэгъуэм и 28-м Москва щызэхэтащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и XXIII съездыр. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек я пашэу абы и лэжьыгъэм хэтащ республикэм и лIыкIуэ гупыр. Съездым къыщаIэта Iуэхухэмрэ къыщащта унафэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIыр щытепсэлъыхьыжащ Максым щиIэ напэкIуэцIым**:

«Нобэ зэхуэсышхуэм къыщагъэлъэгъуащ дызыхуэкIуэ парламент хэхыныгъэхэм депутату хахынухэм я кандидатхэр. ШыщхьэуIум, съездым и етIуанэ Iыхьэм, къыщащтэнущ «Урысей зэкъуэтым» хэхыныгъэм ипэ къихуэ и программэр.

Зэхуэсым и Iуэху нэхъыщхьэу щытащ ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и къэпсэлъэныгъэр.

«Урысей зэкъуэтым», ди политикэ парт нэхъыщхьэм, и съездыр йокIуэкI ди къэралым и къэкIуэнум дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэман гугъум. Дуней псом икъукIэ зыщихъуэж зэманым», - къыхигъэщащ Къэралым и УнафэщIым.

ЛIэщIыгъуэ плIанэм къриубыдэу Iуэхугъуэ куэд къэхъуащ - мыхьэнэшхуэ зиIэу, зэхъуэкIыныгъэхэр къызыдэкIуэу, тхыдэм пыщIауэ. Ауэ нэхъыщхьэращи - ди цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъ быдэ хъууэрэ екIуэкIащ, къэралыр къэгъэщIэрэщIэжыным, абы и Iэмалхэм хэгъэхъуэным, зегъэужьыным, нэхъ лъэщ щIыным хущIэкъу хъуащ. Иджыри зэ къыхэзгъэщынщи, Урысейр къэрал лъэщущ зэрыщыIэфынур, зи щхьэ и унафэ зыщIыжущ е Урысейр зыуи щыIэххэнукъым», - жиIащ Президентым.

Къэрал Думэм и ебгъуанэ зэхуэсыгъуэм хэтынухэр хахынущ 2026 гъэм и бжьыхьэм. Iэ яIэтынущ фокIадэм и 18 – 20-хэм къриубыдэу. Хэхыныгъэхэм япэ дыдэу хэтынущ Донбассымрэ Урысейм и щIыналъэщIэхэмрэ щыпсэухэр. ЩIыналъэм и хабзэубзыху зэхуэс 39-м, апхуэдэу субъекти 10-м я унафэщI нэхъыщхьэхэри хахынущ а махуэхэм.

Партым и унафэщI, УФ-м Шынагъуэншагъэмкlэ и советым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Медведев Дмитрий къыхигъэщхьэхукIащ къэралым и иджырей тхыдэм щыяпэу парламент хэхыныгъэхэр Урысейм и цIыхухэм я хуитыныгъэхэр, къэралым игъэнэхъыщхьэхэр хъумэным, я сэбэп зыхэлъхэм къащхьэщыжыным хуэгъэза зауэ Iуэхухэр щригъэкIуэкI зэманым зэрытехуар.

«Апхуэдэ щытыкIэм дэ къалэн къытщещI ди Президентым къэмылэнджэж щIэгъэкъуэн дыхуэхъуну, къэралым къулыкъу хуэтщIэну», - жиIащ «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщIым.

Шэч хэмылъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм, сыт щыгъуи хуэдэу, даIыгъщ ди Президентым, зи жэрдэмхэм, лъэпкъ проектхэмрэ программэхэмрэ я фIыгъэкIэ республикэм и социально-экономикэ щытыкIэм фIыкIэ зезыгъэхъуэжым, иубзыхуа гъуэгур.

Зытепсэлъыхьа Iуэхухэм я нэхъыщхьэт партым къыбгъэдэкIыу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебгъуанэ зэхуэсыгъуэм хэтыну депутатхэм я кандидатурэхэр зы мандат фIэкIа мыхъу округхэм къыщыгъэлъэгъуэныр. Зэхуэсыгъуэ кIуам Къэрал спискэмкIэ ди республикэм къыбгъэдэкIыу хэтар кандидатищмэ, нобэрей съездым къыщагъэлъэгъуащ кандидатурэу плIы: КъБР-м и Iэтащхьэ, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и секретарь КIуэкIуэ Казбек Валерэ и къуэр, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур Далхат и къуэр, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Родинэ Викторэ Сергей и пхъур, «Урысей зэкъуэтым и ЩIэблэщIэ гвардием» КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщI Абазэ Албэч Хьэжмурат и къуэр. Зы мандат округымкIэ - УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий Лул и къуэр».

## Гъэсыныпхъэхэмкlэ щыlэ щытыкlэр я нэlэм щlэтщ

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Новак Александр гъэсыныпхъэхэмкIэ щыIэ щытыкIэм теухуауэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек**.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ къэрал кIуэцI рынокыр дэIыгъынымкIэ, щIыдагъэхэкIхэр щIыналъэхэм яхуегъэшэнымкIэ Iэмалхэм къахэгъэхъуэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм. Апхуэдэу гулъытэ хуащIащ гъавэ Iухыжыгъуэ лъэхъэнэм щIэзыдза мэкъумэш лэжьакIуэхэр гъэсыныпхъэкIэ къызэрызэрагъэпэщыну щIыкIэм.

- Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсыныпхъэ игъэхъуапIэ станцхэм я щытыкIэм сытым дежи дыкIэлъоплъ, апхуэдэ Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм гъэсыныпхъэ гъэтIылъыгъэхэр яIэщ, ар къезышалIэхэм я лэжьыгъэр зэпымыунымкIи Iуэху пыухыкIахэр идогъэкIуэкI, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Нэхъапэкlэ УФ-м и Президент Путин Владимир Правительствэм хэтхэмрэ гъэсыныпхъэхэр къыщIэзыгъэкI предприятэхэм я лIыкIуэхэмрэ ядригъэкIуэкIа зэIущIэм къурихьэлIахэм пщэрылъ ящищIащ гъэсыныпхъэмкIэ щыIэ щытыкIэр зэпIэзэрыт ящIыжыну, зэпыу щымыIэу цIыхухэр, IуэхущIапIэхэр абыкIэ къызэрагъэпэщыну.

Новак Александр жиIащ, щыIэ щытыкIэр къэплъытэмэ, щIыналъэхэмрэ гъэсыныпхъэхэр къэзышэхэмрэ зэгурыIуауэ зэдэлэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, апхуэдэуи къыхигъэщащ ахэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным, Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм тэмэму ялъэгъэIэсыным кIэлъыплъын зэрыхуейр.

ЩытыкIэр нэхъ наIуэ хъун папщIэ щIыналъэхэм пщэрылъ щащIащ адэкIи гъэсыныпхъэхэм я уасэм, щIыдагъэхэкIхэр къызэрырашалIэм, ахэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъыну, а хъыбархэр и чэзум къэрал къулыкъущIапIэхэм лъагъэIэсыну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## ЩытыкIэм фIыкIэ уегъэгугъэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий иригъэкIуэкIа Ведомствэхэм зэдай комиссэм и зэIущIэм. Ар теухуат гъэпщкIуауэ IэнатIэ Iутхэр КИФЩI-м щызекIуэ лэжьэкIэ хабзэм къешэлIа зэрыхъуну щIыкIэм**.



УФ-м щэхуу IэнатIэ Iутхэм япэщIэтынымкIэ 2025-2027 гъэхэм хузэхагъэува планыр дызэрыт илъэсым и япэ мазищым гъэзэщIа зэрыхъуам щытепсэлъыхьащ зэIущIэм.

Зи гугъу ящI лъэныкъуэм узыщыгуфIыкIыпхъэ зэхъуэкIыныгъэфIхэр зэрыщыIэр къыхагъэщащ, иужьрей илъэситIым къриубыдэу гъэпщкIуауэ IэнатIэ Iутхэр наIуэ къэщIынымкIэ зыхуагъэувыжа къалэнхэр ягъэзэщIакIэщ.

А псом къыдэкIуэу, къулыкъущIапIэхэм зэгъусэу иражъэкIуэкI лэжьыгъэр нэхъ щIэгъэхуэбжьапхъэщ.

КъинэмыщIауэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ улахуэр и чэзум ямыту щIыхуэ къызытехуауэ КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм я кIэлъыплъын зэрыхуейм. Апхуэдэ щытыкIэм къызэрикIыпхъэ Iэмалхэми я гугъу ящIащ.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм къекIуэлIахэр щыгъуазэ ищIащ улахуэ Iуэхукlэ щIыхуэ къатехуэным пэщIэтынымкIэ республикэм ведомственэхэм зэдай я комиссэм и лэжьэкIэм. Зэхуэсым и кIэм унафэ пыухыкIахэр къащтащ.

## «Урысей» лъэпкъ центрым и къудамэщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ «Урысей» лъэпкъ центрым и унафэщI Виртуозовэ Наталье зи пашэ гуп**.

КЪБР-М и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Виртуозовэ Натальерэ «Урысей» лъэпкъ центрым Налшык щиIэну и къудамэр щылэжьэну унэр зрагъэлъэгъуащ, проектыр зэрагъэзэщIэнум теухуа Iуэхухэм тепсэлъыхьащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы гъэм и гъатхэпэ мазэм абы и проектыр республикэм ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ «Урысей» лъэпкъ комитетым и къызэгъэпэщакIуэ гупым и деж. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрыр къегъэлъагъуэ щэнхабзэ, этнографие щIэин хьэлэмэтхэр, щIыуэпс дахагъэрэ гъэтIылъыгъэ къулейрэ зиIэ иджырей щIыналъэ лъэщу. Къудамэм и дамыгъэу щытыну Iуащхьэмахуэ и дизайн-макетри хьэзырщ.

IуэхущIапIэм и унэр зрагъэлъэгъуа нэужь зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, ведомствэ, IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр.

Мы зэманым ирихьэлIэу центрым и унэр процент 85-кIэ хьэзырщ. Ухуэныгъэр метр зэбгъузэнатIэу мин 22-рэ мэхъу. Абы и Iыхьэ ныкъуэр «Урысей» лъэпкъ центрым и щIыналъэ къудамэм иубыдынущ. Абы хэтынущ зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIыну пэшхэр, шхапIэ зыбжанэ, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр щащэну универмаг, нэгъуэщIхэри.

«Догугъэ «Урысей» лъэпкъ центрым Налшык щиIэ къудамэр щэнхабзэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, туризмэмкIэ урысейпсо, дунейпсо форумхэр щрагъэкIуэкI центр хъуну. Сэ шэч къытесхьэркъым ди зэдэлэжьэныгъэр купщIафIэ зэрыхъунум, абы и щыхьэтщ «Урысей» лъэпкъ центрым и къудамэщIэ Кавказ Ищхъэрэм япэу къызэрыщызэIутхынур. Ар сэбэп хъунущ хьэщIагъэкIэ, цIыхухэм гуапэу яхущытынымкIэ цIэрыIуэ ди республикэм турист нэхъыбэ къешэлIэнымкIэ. Дэ ахэр къызэрытхуеблагъэр ди гуапэщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIыналъэм и унафэщIым Виртуозовэ Натальерэ «Урысей» лъэпкъ проектым и къэзыгъэпэщакIуэ комитетымрэ фIыщIэ яхуищIащ проектыр къызэрыдаIыгъам, зэгъусэу лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIым папщIэ.

«ЩIыналъэхэм мыпхуэдэ щIыпIэхэр къыщызэIухыныр ди Президент Путин Владимир и унафэщ. Проектыр сыт и лъэныкъуэкIи дгъэува жыпхъэхэм йозагъэ. КъищынэмыщIауэ, центрым и къудамэр щылэжьэну унэр къалэкум зэрыщыIэми мыхьэнэшхуэ иIэщ. Къэралым и УнафэщIым сытым дежи жеIэ ди нэхъыжьхэм къытхуагъэнар тхъумэу, ар дгъэбагъуэу ипэкIэ дыкIуэн зэрыхуейр. Налшык дэт къудамэр хуокIуэ а бгъэдыхьэкIэм: ар екIуу хозагъэ къалэм и тхыдэ щыIэкIэм икIи республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ иджырей жылагъуэ щIыпIэ къахузэрегъэпэщ. КIуэкIуэ Казбеки абы и гупми фIыщIэ яхудощI къудамэр къызэгъэпэщынымкIэ екIуэкI лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ», - жиIащ Виртуозовэ Наталье.

## Мэкъумэшым щIэгъэкъуэн хуохъу

**КъБР-м и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIащ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Мэкъумэш къэрал университетым и Попечителхэм я советым и япэ зэIущIэр. ВидеозэпыщIэныгъэ IэмалкIэ зэIущIэм хэтащ сенатор Къанокъуэ Арсен**.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Iэтащхьэр нэхъ пасэу арэзы хъуауэ щытащ университетым и Попечителхэм я советым и унафэщIу увыну, абы и фIыгъэкIэ еджапIэ нэхъыщхьэм зригъэужьыну Iэмал иIэн папщIэ.

Иджы советым хагъэхьахэм я япэ зэIущIэр екIуэкIащ. Утыкум къыщыпсэлъа, университетым и ректор Щхьэгъэпсэу Сэфарбий илъэс блэкIам щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, IэмалыщIэхэр къэгъэщхьэпэным епхауэ яхузэфIэкIахэр къипщытэжри, къапэщылъ къалэнхэри иубзыхуащ.

Зэманым декIу егъэджэныгъэм и инфраструктурэ къызэгъэпэщын, щIэныгъэ-къэхутакIуэ лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьэн, школакIуэхэр мэкъумэш IэщIагъэхэм дегъэхьэхын зэрыхуеймрэ IуэхущIапIэхэм зэрадэлэжьэну щIыкIэмрэ тепсэлъыхьащ къызэхуэсахэр. А лъэныкъуэ псомкIи лэжьыгъэ йокIуэкI, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм закъыщIигъакъуэ зэпытщ.

«Мэкъумэшми, Iэщ гъэхъуным и лъэныкъуэкIи республикэм жыджэру зеужьри, IэщIагъэлIхэр тхурикъуркъым, щIэныгъэ лэжьыгъэхэри ипэкIэ гъэкIуэтэн хуейщ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а къалэнхэр университетым и пщэ дэлъщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм лъабжьэ хуэхъу мэкъумэшым мы еджапIэр щIэгъэкъуэн зэрыхуэтщIыжыным делэжьын хуейщ дяпэкIэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ советым икIэщIыпIэкIэ игъэзэщIапхъэ къалэнхэм, еджапIэр илъэс 45-рэ зэрырикъуар зэрагъэлъэпIэну щIыкIэми и гугъу ящIащ.

## Ди къуэш республикэхэм

### Балли 100 къэзыхьахэр



АДЫГЕЙ. **Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат яхуэзащ школыр къэзыухахэу Зыуэ щыт къэрал экзаменыр балли 100-кIэ зытахэм.**

Мы гъэм республикэм ахэр 13 щохъу. Ахэр Кроль Дарья, Абдулхаликовэ Хадижэ, Схабо Темыр, Симонян Мелинэ, Сергейчук Вероникэ, Куманяйкинэ Виолеттэ, Стеблин Глеб, Зоринэ Алисэ, Курочкинэ Элинэ, Черносмаг Олег, Ловцовэ Алисэ, Берген Викторие, Волик Елизаветэ сымэщ. Абыхэм ЕГЭ-р тегушхуэныгъэ яхэлъу ятащ, щеджа илъэсхэм ягъуэта щIэныгъэхэр къызэрагъэсэбэпыфыр къагъэлъагъуэу.

КъумпIыл Мурат къыхигъэщащ а бжыгъэхэр псори къызэщIэзыкъуэжу зэрыщымытыр: экзамениплIым кърикIуахэр иджыри хэIущIыIу хъуакъым, баллищэ зиIэхэм къахэхъуэнкIи хъунущ.

- ЩIалэхэмрэ пщащэхэмрэ депсэлъащ, адэкIи еджэным ехьэлIауэ я мурадхэр зэдгъэщIащ. Абыхэм къыджаIащ зыщIэтIысхьэну еджапIэ нэхъыщхьэхэр, дэтхэнэрами дэзыхьэх IэщIагъэхэм къытхутепсэлъыхьащ.Ди щIалэгъуалэм сехъуэхъуащ дяпэкIи ехъулIэныгъэхэр яIэну, - жиIащ Адыгейм и Iэтащхьэм.

### СыткIи зэпэщщ



КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Лэжьэн щIидзэжащ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэза, щIыналъэм и Гулъынтхуэ центрым екIуэлIахэм я узыншагъэр къыщапщытэ и къудамэм, илъэс 15 зэрыхъур иджыблагъэ зыгъэлъэпIам.**

КъШР-м и Правительствэм и унафэщI Аргун Мурат щIыгъуу, къудамэщIэм щыIащ Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэ Надыктэ Владимир. Абы илъэгъуахэм арэзы укъызэращIыр жиIащ, центрыр илъэс 15 зэрырикъуамкIэ ехъуэхъуащ.

КъШР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Камурзаевэ Динарэрэ лъынтхуэ центрым и унафэщI Темрезов Муратрэ тепсэлъыхьащ гу-лъынтхуэ сымаджэхэм еIэзэнымкIэ IэмалыщIэхэр яIэ зэрыхъуам, технологиещIэхэм я фIыгъэкIэ.

КъудамэщIэм иIэщ диагностикэ пэшхэр, езым и лабораторэ. Республикэм и бюджетым и ахъшэкIэ къащэхуащ компьютер томографыщIэ, зыхуей псори щIыгъуу.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Ислъамым и нур



*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

## Муслъымэн илъэсыщIэр къихьащ

**УФ-м и Муфтий нэхъыщхьэ Гайнутдин Равиль ХьиджрэмкIэ илъэсыщIэр къызэрихьамкIэ муслъымэнхэм ехъуэхъуащ. Ислъам махуэгъэпсым и япэ мазэ мухьэррэмыр иублауэ, 1448 гъэр йокIуэкI.**

ХЬИДЖРЭМКIЭ махуэгъэпсым щыгъуазэу ущытыным мыхьэнэшхуэ иIэщ гъэм и кIыхьагъкIэ гулъытэ нэхъ зыхуэфащэ махуэхэр зыIэщIумыгъэкIын папщIэ. Гайнутдин Равиль цIыхухэм ягу къигъэкIыжащ «хьиджрэ» (хьэжрэт) махуэгъэпсыр Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар Мэккэ иIэпхъукIыу Мадинэ къалэм щыдэтIысхьам щегъэжьауэ къызэрабжыр. А Iуэхугъуэр ислъам щэнхабзэм лъабжьэ хуэхъури, муслъымэн Iумэтыр зы жылагъуэ быдэу зэкъуэуващ.

БлэкIа 1447 гъэм Мухьэммэд Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар къызэралъхурэ илъэс 1500-рэ зэрырикъуар ягъэлъэпIащ цIыхубэм. Абы и фIыгъэкIэ Урысейм щыщ муслъымэнхэм мулид зэхуэсхэм епха суннэр къагъэщIэрэщIэжын, а цIыху махуэм теухуа тхылъхэр зэбгратыкIын, и псэукIэ хабзэр къащтэжын щIадзащ, муфтийм зэрыжиIэмкIэ.

«Си дуней тетыкIэм щыщ Iыхьэ гуэр къиублэжу цIыхухэр зыдэзыгъэплъейм и ужь къиува псоми я псапэр хуатхынущ», - ягу къигъэкIыжащ Гайнутдин хьэдис цIэрыIуэр.

Муфтийр тепсэлъыхьащ мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м хуэза IэшрыI махуэми. ЗэрыблэкIам къыхэкIыу, абы дыкъытеувыIэнкъым. Ауэ мухьэррэмым и нэщэнэфIхэр IэшрыI закъуэм деж щиухыркъым. ЩIэныгъэлIышхуэ Гъэзалий Iэбу Хьэмид зэрыжиIэмкIэ, мухьэррэмым и берычэтыр илъэс псом лъэIэсыну гугъэ щыIэщи, дин лэжьыгъэхэм зэрыхъукIэ абы къриубыдэу хэбгъэхъуэным фIы куэд хэлъщ.

«ИлъэсыщIэр зэриубла мухьэррэм мазэр ислъам махуэгъэпсымкIэ мазэ лъапIиплIым хеубыдэ, - жиIащ муфтийм. - КъурIэн лъапIэми Алыхьталэм щыжеIэ: «Пэжращи, Алыхьым и мазэхэр 12 мэхъу. Ар Инджылым иратхауэ щытащ, ди Тхьэм щIылъэмрэ уафэмрэ къыщигъэщIым щыгъуэ. Абыхэм ящыщу плIыр мазэ лъапIэщ». Мухьэррэмым къызэIуех а мазиплIри, тобэ къэтхьыжыным, ди IуэхущIафIэхэр зыхуей хуэдгъэзэным дыкъыхуреджэ. Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам ищIа хьэжрэтыр ислъамым хэлъ гущIэгъум и дамыгъэу къыхэнащ тхыдэм. Мадинэ къалэм ЛIыкIуэ лъапIэм щиухуащ къызыхэкIа лъэпкъми, езыхэм я фэми, зэрыпсалъэ бзэми емылъытауэ, захуагъэмрэ мамырыгъэмрэ гъащIэм и лъабжьэу зыгъэува жылагъуэ. Нобэ ди диныр къаугъэ къагъэхъеин папщIэ къэзыгъэщхьэпэну хэтхэм а щапхъэм и закъуэ тегъэщIапIэу япэбгъэувыфынущ. «ЩIылъэм щекIуэкI гъащIэр зытетыпхъэм траухуа нэужь, мыхъумыщIагъэм зевмыгъэубгъу», - къыщыджеIэ Алыхьталэм КъурIэным.

Къихьа 1448 гъэр Алыхьым аргуэру тыгъэ къытхуищIа зэман лъапIэщи, тедвгъэгъэкIуадэ ар ди унэхэм, ди щIыналъэхэм, ди къэралым берычэтыр къетшэлIэным».

## ХьэжыщIхэр къэкIуэжащ

**Накъыгъэ-мэкъуауэгъуэ мазэхэм къриубыдэу, Налшык аэропортым хузэфIэкIащ щIыналъэ лъапIэм хьэжыщI 3000-м нэс ишэу къишэжыну. Абыхэм ящыщу цIыху 700-р КъБР-м щыщщ.**

- РЕСПУБЛИКЭМ дежкIи ди аэропортымкIи мыгъэрей хьэжым и пIалъэм къриубыдэу тхузэфIэкIар лъэбакъуэшхуэщ, - жиIащ «Налшык» аэропортым и унафэщI Айнетдинов Сергей. - Иджыри къэс республикэм и тхыдэм къыщымыхъуауэ, «Аэробус А 320» кхъухьлъатэр къэдгъэсэбэпын щIэддзащ. Апхуэдэ Iэмал къыдитащ «Джазирэ РВС» дунейпсо авиакомпанием дэлэжьэн зэрыдублам. Мы лэжьыгъэр илъэсрэ ныкъуэкIэ едгъэкIуэкIащ, республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ къалэныр зи пщэ къыдэхуэ къулыкъущIапIэхэмрэ ди дэIэпыкъуэгъуу».

Иужьрей кхъухьлъатэм къикIыжахэщ зи гурацэр къызэхъулIа, республикэм щыщ хьэжыщI 186-р. «Алыхьым и фIыщIэ, - жиIащ КъБР-м и муфтийм и къуэдзэ Сыжажэ Алим. - ПлъапIэу диIа псоми датеIэбащ. Алыхьталэр арэзы къытхуэхъун папщIэ тщIа хьэжыр дагъуэншэу къыдэхъулIауэ согугъэ. Дыщегъэхьэ «Алыхьым узыншэу дыкъызэхьэсыжащ», - жытIэрти, псори Алыхьым и фIыщIэкIэ узыншэу дыкъекIуэлIэжащ. Псом япэ «Джазирэ-РВС» кхъухьлъатэ авиакомпанием фIыщIэ хуэтщIыну дыхуейт, апхуэдэ пIалъэ кIэщIым ди къалэныр дгъэзэщIэну Iэмал къызэрыдитам папщIэ. Налшык дилъэтIыкIри, Мадинэ дылъэтащ, Джиддэ дыкъилъэтыжри, Налшык дыкъыщытIысыжащ. Налшык аэропортым и лэжьакIуэхэм, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и унафэщI, муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий сымэ фIыщIэшхуэ яхудощI. Алыхьым ди хьэжыр къабылу тIихыну долъэIу».



## Хэт бейр?

Зэгуэрым Мусэ лъапIэм упщIэ зыбжанэкIэ Алыхьталэм зыхуигъэзащ:

- Алыхьу си Тхьэ! - жиIащ абы. - Хэт уи пщылIхэм ящыщу псом нэхърэ нэхъ тхьэхуэлажьэр?
- Сэ зэи зи гум симыхур, - къыжриIащ Алыхьталэм.
- Хэт Уи гъуэгум нэхъ пэжу тетыр?
- Си унафэхэр зыгъэзащIэр.
- Хэт псом нэхърэ нэхъ IущЫр?
- Езым ифI зэрызэрихуэжым хуэдэ дыдэу, цIыхухэм яфI зезыхуэр.
- Хэт и щIэныгъэр нэхъ ин?
- ИщIэмкIэ зимыгъэнщIу, и щIэныгъэр цIыхухэм ящIэмкIэ зыгъэбагъуэр.
- Хэт псом нэхърэ нэхъ лъэщыр?
- ЦIыхум кърищIар ирищIэжыфынрэ пэт, хуэзыгъэгъур.
- Хэт псом нэхърэ нэхъ бейр?
- КъылъысамкIэ арэзыр.
- Хэт псом нэхърэ нэхъ тхьэмыщкIэр?
- Мылъку гуэр бгъэдэлърэ пэт, сытым дежи зыгуэрым хуэныкъуэр.

Мы хьэдисыр къэзыIуэтэжа Iэбу Хъурэйрэ мыбдежым Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и псалъэхэр игу къэкIыжащ: «Мылъку зи куэдракъым бейкIэ узэджэнур, псэкIэ бейращ. Алыхьталэм и пщылIым фIы хуищIэну щыхуейм деж, псэкIэ бей, гукIэ тхьэхуэлажьэ ещI.

И пщылIым фIыкIэ щымыгугъмэ, и мылъкур мащIэу къыщегъэхъу».

- Уэ си гум УкъэзыгъэкIыжын, зэрызыпхуэзгъазэ хъуну псалъэхэм сегъасэ, - ар жиIэу Тхьэм елъэIуащ зэгуэр Мусэ лъапIэр.
- «Алыхьым фIэкIа нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым», - жыIэ.
- Уи пщылI псоми жаIэ а псалъэхэр, - идакъым Мусэ.
- «Алыхьым фIэкIа нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым» жыIэ уэ, - къыжреIэ аргуэру.
- Сэ щхьэхуэу зыгуэрым себгъэсэну сыхуейт, - игу загъэркъым Мусэ.

Алыхьталэм жэуап кърита щ:

- Уа Мусэ! Тэрэзэм и зы тепщэчым уафиблымрэ щIылъиблымрэ щыпсэухэр иплъхьэрэ мыдрейм «Алыхьым фIэкIа нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым» псалъэхэр иплъхьэмэ, а псалъэхэр зэрылъ лъэныкъуэр иришэхынущ.

## ЩIэныгъэлIыр зэрагъэукIытар

**Ислъамым и тхыдэм зи цIэр къыхэлыдыкI цIыхушхуэхэм ятетхыхьа Аттар Алауддин и «Хъыбархэм» Басри Хьэсэн щIэныгъэлIым теухуауэ хъыбар гъэщIэгъуэн куэд ущрохьэлIэ.**

ХЬЭСЭН апхуэдизкIэ шыIэныгъэшхуэ хэлъти, адрей цIыхухэм нэхърэ нэхъ мыхьэнэншэу зыкъилъытэжырт. Зэгуэрым Даджлы псыежэхым и Iуфэм абы щIалэ гуэррэ цIыхубзрэ Iусу къилъэгъуащ, я пащхьэм шагъыр птулъкIэ иту. «Еуей, мыгъуэ! - егупсысащ Хьэсэн. - КIуэдащ мы щIалэр! Сэ схуэдами, сыт хъунт!»

Асыхьэтым псыежэхым и щIыIум кхъуафэжьей тету къалъэгъуащ. Гу лъыптэу, ар псым щIэтIысыкIырт, исхэр зэритхьэлэнум шэч хэмылъу. Псы Iуфэм Iуса щIалэр къыщылъэтщ, псым зыхидзэри, кхъуафэжьейм иса цIыхуиблым щыщу хыр къригъэлащ. ИтIанэ Хьэсэн дежкIэ зыкъигъазэри жиIащ: «Сэ нэхърэ ущынэхъ лъагэкIэ, еуэ, ебланэр къыхэхыж. Абы щыгъуэми, сэ хыр къезгъэлащ, уэ къебгъэлынур зы цIыху закъуэщ». Хьэсэн ари хузэфIэкIынутэкъым.

Тэлай дэкIа нэужь, щIалэм Хьэсэн зыкъыхуегъазэ аргуэру: «Зиусхьэн! Мы цIыхубз къызбгъэдэсыр си анэрщ. Мы птулъкIэм итыр псыщ. Мы теплъэгъуэр уэ уагъэунэхун папщIэ къагъэхъуауэ аращ». Абдежым Хьэсэн лъэгуажьэмыщхьэу зридзыхри, щIалэм елъэIуащ: «ЦIыхуихыр къебгъэлакIэщ! КхъыIэ, иджы сэ пагагъымрэ сыкъызыфIэщIыжынымрэ сыкъегъэл!» «Алыхьым къыпхуищIэ уи лъэIур!» - къыжриIащ щIалэм. Хьэсэн тхьэлъэIу зэрыIахар зыхищIащ. Абдеж щыщIэдзауэ, ар апхуэдизкIэ зэпIэзэрыт хъуати, хьэ хьэулей къилъагъумэ, мыхэр жиIэрт: «Алыхьу си Тхьэ! КхъыIэ, мы хьэ угъурлым и хьэтыркIэ Уи пщылIу сыкъэлъытэ!»

## Уи фIэщ зыщIынур

**ЦIыхуфI ухъуну ухуеймэ, уи зэманым и Iыхьэ щанэр щапхъэ къызыхэпхыфыну хъыбархэм ущIэдэIуу е ущIэджыкIыу бгъэкIуэн хуейуэ къалъытэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъхэм. МывэкIэщхъым къыхэлыдыкI дыщэ кIанэм ещхьщ апхуэдэ Iуэтэжхэр ди дежкIэ.**

БЕГЪЫМБАР лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и малъхъэу щыта Алий-щэхьабэм къытехъукIа лIы гуэрым пхъу зыбжанэ иIэт. И щхьэгъусэри а лъэпкъ хэIэтыкIам щыщт. ЛIыр дунейм ехыжа нэужь, унагъуэр дэхуэхати, цIыхухэр зыщамыгъэдыхьэшхын папщIэ, щыпсэу щIыпIэр яхъуэжащ. Къыщыхута къуажэм дэт мэжджыт зэхэкъутам къыщыувыIащ зэанэзэпхъухэр. Арати, унэгуащэм и хъыджэбзхэр абдежым къыщинэри, езыр шхын къилъыхъуэну ежьащ. Мыпхуэдэрщ къуажэм пщIэ нэхъ зиIэ муслъымэну дэсыр зыхужаIэм деж кIуэри, цIыхубзым и Iуэху зыIутыр жриIащ. АрщхьэкIэ мобы ар и фIэщ хъуакъым. «Сыт сэ уэ жыпIэр пэжу си фIэщ зыщIынур?» - къыжреIэ. «Сэ мы щIыпIэм сыщыщкъым, щыхьэт къысхуэгъэувын хуэдэу», - къэгузэващ бзылъхугъэр. Модрейм ар и тхьэкIумэм иримыгъэхьэу, цIыхубзыр игу хэщIу къыIуигъэкIыжащ.

Къэхъуар и жагъуэ дыдэ хъуауэ цIыхубзыр къыздэкIуэжым, мафIэм хуэпщылI мажусий гуэр къыхуэзэри, и гукъеуэр къыжьэдишащ. Арати, мо лIыр кIуэжщ, и унагъуэм щыщ бзылъхугъэ зыбжанэ игъакIуэри, цIыхубзыр ипхъухэр и гъусэу езым и деж иригъэшащ. ХьэщIагъэ гуапэ кърахащ зэанэзэпхъухэм икIи зыхуей хуагъэзащ.

Ауэрэ жэщ мэхъу, цIыхухэр мэгъуэлъыж. ЦIыхубзым къелъэпэуа муслъымэным пщIыхьэпIэ елъагъу. Къемэт Махуэр къэса хуэдэти, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар сэреишхуэ зэщIэлыдэ гуэрым бгъэдэту щытт.

«Уа, Алыхьым и ЛIыкIуэ лъапIэ, - зыхуегъазэ абы муслъымэным, пщIыхьэпIэм здыхэтым. - Хэт мы сэрейр зыхуагъэхьэзырар?»

«Муслъымэн гуэрым», - къыжреIэ щэлатымрэ сэламымрэ зэхам.

«Сэри сымуслъымэнщ, Алыхьыр зэрызакъуэр сщIэуэ!» - и макъым зрегъэIэт модрейм.

«Сыт сэ уэ жыпIэр зэрыпэжыр си фIэщ зыщIынур?» - къыжреIэ ЛIыкIуэ лъапIэми, Алий и щIэблэм зэрахущытар игу къегъэкIыж.

Арати, бзылъхугъэм елъэпэуа муслъымэныр игу хэщIу къызэщоури, зэанэзэпхъухэр къилъыхъуэну йожьэ. МащIэрэ къилъыхъуа? Сытми, нэхъ зыхуимыгъэфащэ дыдэм, мафIэм хуэпщылI мажусийм и унэм къыщегъуэтыж. ЛIы муслъымэныр иджы мажусийм йолъэIу, цIыхубзымрэ абы и хъыджэбзхэмрэ си деж сыгъашэ, жеIэри. АрщхьэкIэ мажусийм ар зытригъэхьэркъым. «Мы цIыхубзым и фIыгъэкIэ си унэмрэ си унагъуэмрэ Алыхьым и нэфIыр къащыхуащ», - жеIэ бысымым.

Муслъымэнри увыIэркъым. «Мы динар 1000-р къащти, цIыхубзыр си деж сыгъашэ», - жиIэурэ хегъэзыхь унэр зейр. «Мы уэ узыщIэлъэIум сэ нэхъ сыхуитщ уэ нэхърэ, - жеIэ абдежым бзылъхугъэм и бысымым. - Сэ сымуслъымэнщ жыбоIэри зыкъысхубогъэщIагъуэ уэ. АрщхьэкIэ ныжэбэ мы цIыхубзым и фIыгъэкIэ сэри си унэм щIэс псори муслъымэн дыхъуащ. А уэ плъэгъуа пщIыхьэпIэр сэри си нэгу щIэкIащ. Сэри сыхуэзащ ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам. «Алий и унагъуэм щыщ бзылъхугъэр уи деж здэщыIэр?» - жиIэри къызэупщIати, «НтIэ» щыжесIэм, «Мы сэрейр уэрэ уи унагъуэмрэ фыфейщ», - къызжиIащ».

МуслъымэнкIэ узэджэжыныр мащIэщ, ар уи дуней тетыкIэм къыхэмыщмэ. Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ «и унэм щыщхэм» уазэрыхущытыпхъэм укъыфIэкIмэ, арагъэнщ мы хъыбарыр къэзыIуэтэжам дызыхуиущийр.

## Бадзэуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

| Махуэхэр | ПщэдджыжЫр | Дыгъэр къыщыкъуэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, бэрэжьей | 02.41 | 04.28 | 12.20 | 16.23 | 19.53 | 21.43 |
| 2, махуэку | 02.42 | 04.29 | 12.20 | 16.23 | 19.53 | 21.43 |
| 3, мэрем | 02.43 | 04.29 | 12.21 | 16.23 | 19.53 | 21.43 |
| 4, щэбэт | 02.44 | 04.30 | 12.21 | 16.24 | 19.52 | 21.42 |
| 5, тхьэмахуэ | 02.45 | 04.31 | 12.21 | 16.24 | 19.52 | 21.42 |
| 6, блыщхьэ | 02.46 | 04.31 | 12.21 | 16.24 | 19.52 | 21.42 |
| 7, гъубж | 02.47 | 04.32 | 12.21 | 16.24 | 19.51 | 21.41 |
| 8, бэрэжьей | 02.48 | 04.33 | 12.21 | 16.24 | 19.51 | 21.41 |
| 9, махуэку | 02.50 | 04.33 | 12.21 | 16.24 | 19.50 | 21.40 |
| 10, мэрем | 02.51 | 04.34 | 12.22 | 16.24 | 19.50 | 21.40 |
| 11, щэбэт | 02.52 | 04.35 | 12.22 | 16.23 | 19.49 | 21.39 |
| 12, тхьэмахуэ | 02.53 | 04.36 | 12.22 | 16.23 | 19.49 | 21.39 |
| 13, блыщхьэ | 02.54 | 04.37 | 12.22 | 16.23 | 19.48 | 21.38 |
| 14, гъубж | 02.56 | 04.37 | 12.22 | 16.23 | 19.48 | 21.38 |
| 15, бэрэжьей | 02.57 | 04.38 | 12.22 | 16.23 | 19.47 | 21.37 |
| 16, махуэку | 02.59 | 04.39 | 12.22 | 16.23 | 19.46 | 21.36 |
| 17, мэрем | 03.00 | 04.40 | 12.22 | 16.23 | 19.46 | 21.36 |
| 18, щэбэт | 03.01 | 04.41 | 12.22 | 16.23 | 19.45 | 21.35 |
| 19, тхьэмахуэ | 03.03 | 04.42 | 12.22 | 16.22 | 19.44 | 21.34 |
| 20, блыщхьэ | 03.04 | 04.43 | 12.22 | 16.22 | 19.43 | 21.33 |
| 21, гъубж | 03.06 | 04.44 | 12.23 | 16.22 | 19.42 | 21.32 |
| 22, бэрэжьей | 03.07 | 04.45 | 12.23 | 16.22 | 19.41 | 21.31 |
| 23, махуэку | 03.09 | 04.46 | 12.23 | 16.22 | 19.41 | 21.31 |
| 24, мэрем | 03.10 | 04.47 | 12.23 | 16.21 | 19.40 | 21.30 |
| 25, щэбэт | 03.12 | 04.48 | 12.23 | 16.21 | 19.39 | 21.29 |
| 26, тхьэмахуэ | 03.13 | 04.49 | 12.23 | 16.20 | 19.38 | 21.28 |
| 27, блыщхьэ | 03.15 | 04.50 | 12.23 | 16.20 | 19.36 | 21.26 |
| 28, гъубж | 03.16 | 04.51 | 12.23 | 16.20 | 19.35 | 21.25 |
| 29, бэрэжьей | 03.18 | 04.52 | 12.22 | 16.19 | 19.34 | 21.24 |
| 30, махуэку | 03.19 | 04.53 | 12.22 | 16.19 | 19.33 | 21.23 |
| 31, мэрем | 03.21 | 04.54 | 12.22 | 16.18 | 19.32 | 21.22 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*

● Жыжьэ - гъунэгъу

## Ди лъахэгъу адмирал



**«Адыгэ псалъэм» щылажьэхэм илъэс куэд хъуауэ ди ныбжьэгъуфIхэм ящыщщ Пщыбий СултIан. Абы и тхыгъэхэри щIэх-щIэхыурэ къытохуэ газетым. ЩIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъунымкIэ, гъэсэныгъэ дыхэ яхэлъынымкIэ, ахэр фIым хуэущиинымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ абы и къалэмыпэм къыщIэкI тхыгъэхэр. Ди щIыналъэм къыщалъхуа цIыху цIэрыIуэхэм я зэфIэкIхэр, я гъащIэ гъуэгъуанэм къыщагъэлъэгуа хахуагъэр, лIыхъужьыгъэр щIэблэми щапхъэ яхуещI СултIан. Абы и къалэмыпэм къыпыкIахэм ящыщщ ди лъахэгъу цIэрыIуэ Головко Арсений къызэралъхурэ илъэси 120-рэ щрикъум ирихьэлIэу игъэхьэзыра мы тхыгъэ купщIафIэри.**

ГОЛОВКО Арсений совет дзэ къулыкъущIэшхуэу, адмиралу щытащ. 1927 гъэм щегъэжьауэ ар КПСС-м хэтащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым Ищхъэрэ флотыр и унафэ щIэтащ. 1947 - 1950 гъэхэм - СССР-м и Дзэ-тенджыз флотым и штаб нэхъыщхьэм, 1952 - 1956 гъэхэм - Балтие флотым я унафэщIщ, 1956 - 1962 гъэхэм - СССР-м и Дзэ-тенджыз флотым и командующэ нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэщ. 1946 - 1950, 1954 - 1958 гъэхэм - Совет Нэхъыщхьэм и депутатщ.

Ар 1906 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м (23-м) Прохладнэ станицэм къыщалъхуащ. И адэ Григорий и унагъуэр игъэшхэн щхьэкIэ лIыщIэу щытащ, ауэ абы къилэжь мащIэр яхурикъуртэкъыми, мэжэщIалIэхэт. Унагъуэр гугъуехь хэт пэтми, и къуэм щIэныгъэ иритыну щIэхъуэпс адэм ар щIегъэтIысхьэ чыристан диным епха щIэныгъи щрагъэгъуэт еджапIэм икIи ар Арсений ехъулIэныгъэкIэ къиухауэ щытащ. Илъэс 14 фIэкIа мыхъуа щIалэр 1920 гъэм комсомолым хохьэ, куэд дэмыкIыу комсомол ячейкэм и секретару хах.

1922 гъэм ар Дон Iус Ростов рабфакым щIэтIысхьащ. ДэIэпыкъуэгъу иIэтэкъыми, а илъэсхэм Арсений еджэным лэжьыгъэри дихьащ - кхъухь тедзапIэм хьэлъэзехьэу щыIащ.

Рабфакыр къиуха нэужь, ар Москва макIуэ икIи Темирязевым и цIэр зезыхьэ мэкъумэш академием щIотIысхьэ. АрщхьэкIэ, еджапIэм къыщIашри, 1925 гъэм ар ВЛКСМ-м и Комитет нэхъыщхьэм флотым игъэкIуащ.

Абдеж щегъэжьауэ Головко и гъащIэр епхауэ щытащ хэкум и Дзэ-тенджыз флотым. Дзэ, политикэ Iуэхухэм жану хэт, Головко еджапIэ ягъакIуэ Фрунзе М.В. и цIэр зезыхьэ дзэ-тенджыз училищэм. Училищэм щIэсу, 1927 гъэм ар коммунист партым хыхьащ.

ЕджапIэр къиуха нэужь, Арсений Тенджыз ФIыцIэ флотым къулыкъу щищIэну ягъакIуэ. Мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу ар къыщыхутащ Каспий икIи къулыкъу нэхъыщхьэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ. Абыхэм ящыщщ Хы Хуэм флотым и торпедэ катерхэм я штабым и унафэщIу зэрыщытар.

1938 гъэм Головко Арсений Ворошилов К. Е. и цIэр зезыхьэ Дзэ-тенджыз академиер ехъулIэныгъэхэр иIэу къиухащ, совет Правительствэм къалэн къыщищIар нэсу зэригъэзэщIам папщIэ «Вагъуэ Плъыжь» орденри кърататщ.

1940 гъэр екIуэкIырт. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и мафIэр Европэм щхьэщытт. Гитлер и дзэм Варшавэрэ Прагэрэ, Венэрэ Парижрэ яубыдауэ, Совет Союзым и гъунапкъэм къыхуеIэрт, Головко Ищхъэрэ флотым и унафэщIу щагъэувам.

ИлъэсихкIэ Головко Арсений зэрихьащ а къулыкъур. Зауэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ бийм зэтрикъутэну хэтт Ищхъэрэ флотыр, Кольскэ хытIыгуныкъуэр къэралым къыгуигъэщхьэхукIыу, Мурманск, Полярный флотхэр зыIэригъэхьэну и нэрыгът. Ауэ къэхъулIакъым. Совет хыдзэлIхэр фашистхэм япэщIэувэри, я мурад бзаджэр зэпаудащ.

Ищхъэрэ тенджызыр и ткIиягъкIэ адрейхэм ещхькъым. Атлантикэм къикIыу Баренцевэ тенджызым и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ къиху хуабэм и фIыгъэкIэ, абы трищIэ мылыр зэран мыхъуу илъэс хъурейкIэ дзэ хуэIухуэщIэхэр щебгъэкIуэкIыну Iэмал щыIэщ. Ауэ Баренцевэ, Белое тенджызхэм я ищхъэрэ, къуэкIыпIэ лъэныкъуэхэм, Карскэ тенджызым щIымахуэм мыл трещIэри, кхъухь щызекIуэфыркъым. ЩIэх-щIэхыурэ къыкъуэу жьапщэшхуэхэр, псом хуэмыдэу бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ, пшагъуэр, уэсуккхъуэр егъэлеяуэ зэран яхуэхъурт кхъухьхэмрэ авиацэмрэ. Ауэ пшагъуэр сэбэп хъурт конвойхэр щэхуу зэпрыпшынымкIэ, десантхэр игъэтIысынымкIэ. Апхуэдэщ Ищхъэрэ щIыналъэм и щIыуэпсыр!

Совет Союзым къытеуэну зыщагъэхьэзырым, фашистхэм Норвегие Ищхъэрэмрэ Финляндие Ищхъэрэмрэ хьэзыру щаIыгъащ зы финн корпусрэ нэмыцэ корпуситIрэ. Ар «Норвегия» армэм хуагъэкIуат. АбыкIэ бийм и мурадт Мурманскрэ Ищхъэрэ флотым и базэ нэхъыщхьэмрэ зыIэригъэхьэну, Киров гъущI гъуэгур иубыду, Кольскэ хытIыгуныкъуэр къэралым къыгуигъэщхьэхукIыну, адэкIэ совет Карелиер къиухъуреихъу, Белое тенджызыр Архангельск нэскIэ зыIэригъэхьэну. ЗэрыпхъуакIуэхэм я мурад бзаджэр икIэщIыпIэкIэ зрагъэхъулIэну хуейт, абы папщIи нэхъыбэу къагъэсэбэпыр авиацэрэ щIырытет къарурэт. Лагъымгъауэхэм я къару фIыцIэр траунэщIэну хуейт Полярнэмрэ Мурманскрэ, Беломорскэ, Балтийскэ кIэнауэхэм я псыIудзапIэхэр якъутэныр я гуращэт.

5-нэ хьэуа флотым и дзэ кхъухьлъатэхэр, Финляндием и дзэ-хьэуа къарухэр, фашистхэм я транспорт авиацэр Заполярьем щыIэт. Ищхъэрэ флотым пэщIагъэувэну хухахат кхъухьлъати 170-м нэблагъэ, абы щыщу 100-р лагъым зыгъауэт. Абдеж фронтым щикIыхьагът километр 300-м щIигъу.

Ди армэм и ижьырабгъу лъэныкъуэр, Мурманск хуэгъэзар, Ищхъэрэ флотым къыщIиIыгъэт. Ди къэралым ар и флот нэхъыщIэ дыдэти, зауэм ирихьэлIэу кхъухь куэд иIэтэкъым. Эскадрэм лагъымгъауэу 8, псыщIагъым щызекIуэ кхъуафэжейуэ 15 иIэу арат. Кхъухьхэм гъэувыпIэу къыхуагъэсэбэпырт Мурманскэ, Кольскэ бухтэхэм, Мотовскэ псыдэжым я кхъухь тедзапIэхэр. Шынагъуэр Мурманск къыхуэкIуэу щыхуежьэм щегъэжьауэ, совет щIырытет частхэмрэ флотымрэ зэрыщIэу бийм пэщIэуващ.

СССР-м и Дзэ-тенджыз флотым и наркому щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь Кузнецов Н.Г. Головко теухуауэ жеIэж: «Головко Арсений къыщысцIыхуам зауэр къэхъеятэкъым иджыри. Ар езым и арэзыныгъэкIэ Испанием щызэуат, Каспийскэ, Амурскэ флотилиехэр и нэIэ щIэтт. 1940 гъэм и бадзэгъуэм ар Ищхъэрэ щIыналъэм ягъэкIуащ. Сэ фIыуэ сигу изубыдащ 1940 гъэм а щIыпIэм кIуа гъуэгур. ФокIадэм и пэщIэдзэм Мурманск щегъэжьауэ Архангельск нэс дыкIуащ. Бухтэрэ псыдэжу дызыхуэзэм дыкъыщызэтеувыIэрт. Дунейр иджыри хуабэт, ауэ Иокангэ нэгъабэрей уэс телът. ПсыщIагъ кхъуафэжьейхэмрэ авиацэмрэ Ищхъэрэ щIыналъэм щаIэ мыхьэнэм щытепсэлъыхькIэ, абы и дэтхэнэ псалъэри хьэкъ пщыхъурт. Гу лъумытэу къанэртэкъым абы и унафэ щIэт дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ зырыз къазэрыхуигъуэтыфым, езым щIэныгъэ зэриIэм, ар зауэ IэнатIэми къызэрыщигъэсэбэпыфым. Зауэр къэхъейри, ар иухыху Арсений флотым щыIащ. Адмирал Головко Дзэ-тенджыз флотым и унафэщI нэхъ Iущ дыдэхэм, щапхъэ зытраххэм ящыщт, абы пщIэ иIэт. Абы и фэеплъыр ихъумэнущ тенджызым зи гъащIэр епха дэтхэнэми».

...1943 гъэм Ищхъэрэ флотым зэхэуэхэм щагуащIэгъуэт. Флотым тенджыз коммуникацэхэр ерыщу ихъумэрт, бийр игъэщхьэрыуэрт. Флотым пыщIэныгъэ яхуиIэт Карельскэ фронтым и приморскэ флангым и зауэлIхэм. Беломор дзэ флотилием щIыгъуу абы иIэт кхъухь 200, кхъухьлъатэ 500. Флотым щыIэ псыщIагърыкIуэ кхъухьхэм я зауэлIхэр ерыщу япэщIэтт бийм. Илъэсым и кум абыхэм къагухьащ хы Хуэмым и псыщIагърыкIуэ кхъухьым ис зауэлIхэри. Тенджызым и кууагъым фашистхэм Iэмал яритырт я хьэлъэхэр Iуфэм пэмыжыжьэу зэпрашыну. Япэ рангым и капитан Колышкин И. А. и унафэм щIэт бригадэм и псыщIагърыкIуэ кхъуафэжьейхэр Iэмал екIуэурэ бийм и конвойхэм удын ирадзырт.

Ищхъэрэ флотым и хыдзэлI щхьэмыгъазэхэм къызэпаудащ бийм а щIыпIэм хуиIа мурад бзаджэхэр. Абыхэм ягъэбыдащ Карельскэ фронтым и фланг ижьыр. Илъэсым къриубыдэу транспорт 432-м я конвойхэр зэпрашащ, совет мылкъутэхэр Арктикэм кърашыжащ, бийм и кхъухьи 180-рэ щIагъэтIысыкIащ, и зэрызауэ транспортрэ кхъухьу 43-рэ якъутащ. Илъэсым и кIуэцIым Ищхъэрэ флотым и кхъухьи 8-м Бэракъ Плъыжь къыхуагъэфэщащ, кхъухьи 5 гвардейскэ хъуащ.

Адмирал Головко Хэку зауэшхуэм къыщигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм папщIэ къыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденитху, Ушаковым и орденым и япэ нагъыщэу тIу, Нахимовым и орденым и япэ нагъыщэр, Вагъуэ Плъыжь орденитху, медаль куэд. Норвегием и ищхъэрэ лъэныкъуэр бийм зэрыщихъумам папщIэ абы и правительствэм Головко А. Г. кърита щ Олаф Щихъым и орденыр.

Адмирал Головкор Ищхъэрэ флотым щекIуэкIа зэхэуэхэм кIэлъыплъа къудейтэкъым, атIэ езыр и курыкупсэм хэтащ. Абы и унафэ щIэтахэм щIыхь пылъу ягъэзэщIащ я зауэлI къалэныр, зэхэуэ гуащIэхэм къимыкIуэту щахъумащ щIыналъэм и щхьэхуитыныгъэр.

Хэкуми игъэлъэпIащ абыхэм я лIыхъужьыгъэр. «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр хуагъэфэщащ Ищхъэрэ флотым и хыдзэлI 85-м, абыхэм ящыщу 3-м а цIэр щэнейрэ къыфIащащ, мини 10-м щIигъум иратащ Совет Союзым и орденхэмрэ медалхэмрэ.

Головко Арсений дунейм ехыжащ 1962 гъэм. «Правда» газетым абы щыгъуэ итхащ: «Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, Головко Арсений ар ирихьэкIащ жыджэру, жэуаплыныгъэ зыхэлъ, узэчэнджэщ хъу унафэщIу щытащ. Абы и гъащIэри и гуащIэри щапхъэт, коммунизмэр гъэувыным, Хэкум зэрызихъумэж къарур гъэбыдэным зыкъригъэлыртэкъым».

Прохладнэ къалэм Головком и цIэр щыфIащащ абы и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым. Апхуэдэуи абы дэт курыт школ №4-ми лIыхъужьым и цIэр зэрехьэ. Къалэкум и парк цIыкIухэм ящыщ зым адмиралым и фэеплъ щагъэуващ.

Головко Арсений и цIэр зэрахьэ Налшык, Североморск, Балтийское, Кривой Рог къалэхэм я уэрам зырызым. Адмиралым и цIэр фIащауэ щытащ Тенджыз ФIыцIэ флотым и ракетэ крейсерым («Адмирал Головко»).

*Зыгъэхьэзырар* **САНЭ Маринэщ.**

# Усыгъэр, макъамэр, уэрэдыр зэщIыгъуу



***Бахъсэнёнкэ щэнхабзэмкIэ и унэм хэт библиотекэм Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и щIыхькIэ щрагъэкIуэкIащ усыгъэм и пшыхь. Бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ тха усэ сатырхэмкIэ щызэпэджэжа Iуэхур къызэригъэпэщащ КъБР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людмилэ. Пшыхьыр усыгъэрэ макъамэкIэ гъэнщIауэ екIуэкIащ. Абы къыщыпсэлъащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, тхакIуэхэр, жылагъуэ Iуэхум хэтхэр, артистхэр, журналистхэр. Ар ирагъэкIуэкIащ курыт еджапIэм ехъулIэныгъэхэр щызиIэ ныбжьыщIитIым – Хьэтыкъуэ Дианэрэ Къулым Рианэрэ.***

- Усыгъэм зэпещIэ бзэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирипсалъэ цIыхухэр. Си гугъэмкIэ, ди республикэр нэхъри екIу ещI лъэпкъ куэдым къахэкIахэр зэрыщыпсэум, дэтхэнэми щэнхабзэ къулей зэриIэм. ЦIыхупсэхэм я гуапагъэр сэтей къещI щэнхабзэм. АтIэ усыгъэри щэнхабзэм щыщщи, сыхуейщ нобэрей пшыхь дахэм ар щызыхэтщIэну, зыщыдгъэпсэхуну, - жиIащ Бахъсэн район администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщI Щомахуэ Каринэ. Къэралым ис лъэпкъхэр зэрыIыгъыным хуащI хэлъхьэныгъэм папщIэ Бахъсэн районым и администрацэм къыбгъэдэкIыу щIыхь тхылъхэр абы яритыжащ Шэшэн Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Тугузов Аслъэнбэч, тхакIуэ Къудей Фаридэ, «Солнышко» журналым и лэжьакIуэ, усакIуэ Мазуренкэ Маринэ, Тамбовскэ къуажэм и бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Мэш Ларисэ сымэ.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ.

- Бахъсэнёнкэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм дыкъыщыкIуэм деж сыт щыгъуи дощIэ гуапагъэ зыхэлъ Iуэхугъуэ къызэрыщытпэплъэр. Ноби аращ. Сыту фIы усыгъэм дызэрызэхуишэсар, абы ди псэр зэригъэпIейтейр, фIыуэ тлъагъу сатырхэм дазэрытепсэлъыхьыр! – жиIащ Ларисэ. Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр яритащ Шэшэным и цIыхубэ усакIуэ Тугузов Аслъэнбэч, хормейстер, макъамэмкIэ егъэджакIуэ Быхъурэ Светланэ, КъБР-м и цIыхубэ артист Зеущэ Iэуес, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Гузиевэ Джанет, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и артист Бейтыгъуэн Жамболэт, Тамбовскэ къуажэм дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэ Щомахуэ Дусэ, «Кавказ» макъамэ ансамблым.

Тугузов Аслъэнбэч жиIащ зэIущIэм и гуапэу зэрыхэтыр, литературэ пшыхьхэм цIыхухэр зэхуэгуапэ зэращIым зэрыщыгуфIыкIыр, мы Iуэхури абы щыхьэт зэрытехъуэр. ХьэщIэм къыхигъэщащ ди республикэм езым и IэдакъэщIэкIхэр зэрыщызэрадзэкIыр фIыщIэ зэрищIыр.

Шэшэн Республикэм и Парламентым и депутат Талхидов Юсуп зи лIыкIуэ IуэхущIапIэм и унафэщIым къыбгъэдэкI фIыщIэ письмо иритащ усэ пшыхьым и къызэгъэпэщакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людмилэ. Абы Юсуп жиIащ Кавказым ис лъэпкъхэм я хабзэ-нэмысыр, я щэнхабзэр зыкъомкIэ зэрызэщхьыр – лIыгъэр, напэр, нэмысыр псом япэ зэрырагъэщыр.

Мазуренкэ Маринэ къыхигъэщащ къуажэхэм щекIуэкI зэIущIэхэр псом хуэмыдэу и гум зэрыдыхьэр.

- Уи гур къигуфIыкIыу, дахэ гуэрым упэплъэрэ упIейтейуэ гъуэгу къызэпыбоч, къуажэхэм усэ пшыхь е щэнхабзэм теухуа нэгъуэщI Iуэхугъуэ ущрагъэблагъэм деж. Моуэ «дэр-дэру» жыхуаIэм хуэдэу йокIуэкI нобэрей пшыхьри. СфIэфIщ сызэрыхэтыр, фи псалъэхэм сызэредаIуэр, цIыху гуапэхэм сазэрыIущIар, – жиIащ абы. Маринэ къеджащ езым и усэхэм ящыщ.

Щомахуэ Дусэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ пшыхьым бзэхэр зэрыщызэщIэжьыуэм нэхъри зэригъэщIэращIэр. Ар адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи къеджащ фIыуэ илъагъу усэхэм. Кышпэк къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI БжэныкIэ Маринэ, Каменномост къуажэ курыт еджапIэ №1-м и егъэджакIуэ Багъ Iэсият, Бахъсэн къалэм ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зэрихьэу дэт курыт еджапIэ №2-м и унафэщI Нэгъуей Ахьмэд, телевиденэм и журналист Джэду Сэкинэт сымэ, нэгъуэщIхэри къеджащ усэхэм.

Пшыхьым щызэщIэтащ уси, макъами, уэрэди, къафи. Къущхьэ Зауррэ Зэгъэщтокъуэ Людмилэрэ зэдатха «Зэманым сIиха» романсыр игъэзэщIащ Къущхьэ Заур. Бахъсэнёнкэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и художественнэ унафэщI Щхьэгъум Борис жиIащ макъамэмрэ псалъэ гуапэмрэ щызэщIэжьыуэ пшыхьхэм зыщыбгъэпсэхунуи ущыгупсысэнуи Iэмал къуэзэратыр. Ар къеблэгъахэм уэрэдкIэ яхуэупсащ. Зеущэ Iэуес къеджащ урыс усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил и IэдакъэщIэкIхэм ящыщщ икIи къыхигъэщащ Кавказым хуэусахэм ар псом нэхъыфIу зэрахилъагъукIыр. «А я доверила тебе» уэрэдыр жиIащ Къунаш Марианнэ. Гузеевэ Джанет адыгэбзэкIи къэзахъыбзэкIи уэрэд жиIащ.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*









# ЕхъулIэныгъэ зиIэ ныбжьыщIэхэр

**Дзэлыкъуэ районым и администрацэм щекIуэкIащ 2025-2026 гъэ еджэгъуэм курыт еджапIэхэм къыщыхэжанык Ia, ехъулIэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьа ныбжьыщIэхэр щагъэлъэпIа пшыхь. Мы гъэм районым и курыт еджапIэхэм зэфIэкI лъагэхэр щагъэлъэгъуащ ныбжьыщIэ 45-м. Ахэр олимпиадэхэм хэтащ, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ, жылагъуэ Iуэхухэмк Iи жыджэру щытащ, еджэным фIырэ фIы дыдэкIэ пэлъэщащ. Пшыхьым къырагъэблэгъащ къуажэхэм, курыт еджапIэхэм я унафэщIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр, зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэр.**

ПСАЛЪЭ гуапэкIэ къеблэгъахэм захуигъэзащ район администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Бей Iэуес.

- Ди районым и пщIэр зыIэт ныбжьыщIэхэм фи ехъулIэныгъэхэм дыщогуфIыкI. Ар ерыщу фызэреджам къыпэкIуащ. Фэр нэмыщI абыкIэ фIыщIэшхуэ ябгъэдэлъщ фи гукъэкIхэр къывдэзыIыгъа адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ. Си гуапэщ хэлъэт фызэриIэр, фи Iуэху еплъыкIэр тегушхуауэ къызэрывгъэлъэгъуэфыр. АдэкIи зэфIэкIхэм къахэвгъахъуэ! – захуигъэзащ абы еджакIуэхэм.

НыбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ Дзэлыкъуэ районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI КIэмыргуей Лидэ. Абы ныбжьыщIэхэм яжриIащ еджэнымрэ зыужьынымрэ зэпыбгъэу зэрымыхъунур икIи гъащIэм текIуэныгъэхэр щаIэну зэригуапэр къыхигъэщащ.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэу Урысмамбэт Шэфихьрэ Якушенкэ Сергейрэ школакIуэхэм ехъуэхъуащ хэкупсэу, лъагапIэщIэхэм хуэпабгъэу, жылагъуэ Iуэхум жыджэру хэту къыдэкIуэтеину.

Мы гъэм курыт еджапIэр къэзыухахэм къабгъэдэкIыу пшыхьым къыщыпсэлъащ ДзэлыкъуэкъуажэщыщХьэщIэцIыкIу Элинэрэ приречинскдэс КъуэщIысокъуэ Дисанэрэ. Пщащэхэм фIыщIэ хуащIащ Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм, администрацэм и лэжьакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, адэ-анэхэм.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# ЛъагапIэм хуокIуэ

**Къэзахъстаным и къалащхьэ Астана мэкъуауэ гъуэм 22 - 26-хэм щекIуэкIащ «Kazakhstan Open 2026 GI» фIэщыгъэр зезыхьэ, олимпиадэм хыхьэ тхэквондо лIэужьыгъуэмкIэ (ВТФ) дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэрал 30-м я спортсмену 1000-м щIигъу.**

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт комплексым и гъэсэн, УФ-м дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Багъ Идар икIи кг 68-рэ зи хьэлъагъхэм я деж ещанэ увыпIэр къыщихьащ.

Зэхьэзэхуэм щагъэджэгуащ 2028 гъэм США-м и Лос-Анджелес къалэм щекIуэкIыну Олимп джэгухэм ягъэкIуэнухэр зэрагъэбелджылы рейтинг очкохэр.

Апхуэдэуи, «Kazakhstan Open 2026» дунейпсо зэхьэзэхуэр Азием и 20-нэ Гъэмахуэ джэгухэу Японием щызэхашэнум зэрызыхуагъэхьэзыр зэпеуэхэм ящыщ зы Iыхьэу щытащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Багъ Идар Европэм и чемпионщ, УФ-м и чемпионатхэм щэнейрэ щытекIуащ, зэ ещанэ щыхъуащ. Ар зи гъэсэныр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

**КЪУЭЖЕЙ Iэмин.**

● Дзюдо



Блий Iэюб



Быф Идар

# Ди щIалэхэм Олимпиадэм пэгъунэгъу зыхуащI

**Китайм и Циндао къалэм и «Консон» спорт комплексым мэкъуауэгъуэм и 26 - 28-хэм щекIуэкIащ дзюдомкIэ Олимпиадэм хагъэхьэнухэр къызэрыхах рейтинг бжыгъэхэр къыщахьыфыну «Гран-при» дунейпсо зэхьэзэхуэ. Ди гуапэ зэрыхъущи, УФ-м и командэ къыхэхам хэту килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж домбеякъ медаль абы къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ цIэрыIуэ Блий Iэюб. Килограмми 100 зи хьэлъагъхэм я деж апхуэдэ ехъулIэныгъэ щызыIэригъэхьащ нэгъуэщI ди дзюдоист лъэщ Быф Идар.**

ДЗЮДОМКIЭ дунейпсо рейтингым ещанэ увыпIэр щызыIыгъ Блий Iэюб яхэтащ япэ увыпIэр абы къыщызыхьын хуейуэ къалъытахэм икIи, шэч къытрыуимыгъэхьэжу, ди щIалэм япэ зэIущIищым «иппонкIэ» хигъэщIащ Китайм и бэнакIуэ Сунь Цзясю, Узбекистаным икIа Батуров Бахром, Словением щыщ Старкель Давид сымэ. Ауэ дыщэ медалым щIэбэныну мызыгъуэгукIэ апхуэдэ Iэмал Блийм кърита къым Японием и дзюдист Кондо Хайятэ. «Вазари-ари»-кIэ Iэюб ар къытекIуащ икIи «финал цIыкIум» ягъэкIуащ.

Ещанэ увыпIэм щхьэкIэ Блийм къыпэщIэтащ, олимпиадищым зэкIэлъыкIуэу медалищ къыщызыхьа (Париж - дыщэ, Рио-де-Жанейрэ – дыжьын, Токио – домбеякъ), Къэзахъстаным и бэнакIуэ лъэщ Сметов Елдос. Мыбдежым зэIущIэм и ещанэ дакъикъэм Iэюб «юко» къилэжьащ, еплIанэм - «иппонкIэ» и хьэрхуэрэгъур хигъэщIащ.

Фигу къэдгъэкIыжыну тфIэигъуэт: 2016 гъэм Бразилием щекIуэкIа Олимпиадэм Мудрэн Беслъэн финалым къыщыпэщIэтар Сметов Елдосщ. Абы щыгъуи, ди бэнакIуэр текIуэри, Олимп чемпион хъуат.

«Сметовым ипэIуэкIи сыхуэзащ, хьэрхуэрэгъу сымыцIыхуу ар щыттэкъым. Абы и зэфIэкIыр куэд щIауэ псоми фIы дыдэу ящIэ, лейуэ ущIытепсэлъыхьын щыIэкъым. ЖыпIэ хъунущ, Елдос и бэнэкIэм сыкIэлъыплъурэ сыкъэхъуауэ.

Гухэхъуэщ спортсменышхуэхэм уащытекIуэм деж. ТIэунейуэ нэхъ гуапэжщ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ иным си хьэрхуэрэгъухэм сапэщIэтыфыну апхуэдэ зэфIэкI сызэриIамрэ медаль къызэрысхьамрэ. Нобэ си насыпыр къикIащ. Зыхуэзэгъэувыжа тактикэм сытемыкIын слъэкIащ, щыуагъи зэIущIэм щызыIэщIэзгъэкIакъым.

Финалым и Iыхьэ ныкъуэм ар щысхузэфIэкIакъым. ЖыпIэнурамэ, емыкIу хъунущ си ныбжьым уиту апхуэдэ щыуагъэхэр зыIэщIэбгъэкIыныр икIи абы сроукIытэ. Япон щIалэр зэщIэмыубыдэ щIыкIэ занщIэу себгъэрыкIуэн щIэздзэри, ар абы къигъэсэбэпащ. Си адреналиным сыпэмылъэщауэ арауэ къыщIэкIынщ. Здзыну сыхуеящ. Ар псори иужькIэ зыпкърытхыжынущ, сборхэм дыщылэжьэнущ. Апхуэдэ щыуагъэхэм Iэмал къыдат зытхъуэжыну. Псом нэхъыщхьэр – акъыл къыхэхынырщ.

Япон щIалэм сыкъызэрыхигъэщIар псынщIэу зыщызгъэгъуэпщащ, иужькIи, зызгъэпсэхужыну зэман сиIащ. СыхущIэкъуащ медалыр зэрызыIэщIэзмыгъэкIыным», - яжриIат Iэюб журналистхэм Сметовым дригъэкIуэкIа зэIущIэм иужькIэ.

Блий Iэюб илъэс 29-рэ и ныбжьщ, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерщ, УФ-м и чемпионщ, Европэм етIуанэ, дунейпсо чемпионатым ещанэ щыхъуащ, и тренерыр Гъэунэ Андзорщ.

«Тажышхуэр» къэхьыным хуэунэтIауэ тхьэмахуэ ипэкIэ Монголием и къалащхьэ Улан-Батор щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщызыхьа Быф Идар иджырей зэIущIэм, килограмми 100 зи хьэлъагъхэм я деж, «С» гупым хэхуахэм япэ щрагъэуват, абы и зэфIэкIхэр къалъытэу.

Ди щIалэр япэщIыкIэ IущIащ Туркменией и бэнакIуэ Каратаев Денис икIи абы къыфIихьащ. ИужькIэ, финалым и Iыхьэ плIанэм, ар хуэзащ Бразилием и дзюдоист Феррейрэ Джованни икIи, ди жагъуэ зэрыхъущи, Идар абы кърагъэкIуэтащ, дыщэ медалым и гугъэр хригъэхыжащ. «Финал цIыкIум» ягъэкIуа нэужь Быфым щыхигъэщIащ Словакием икIа Беньямин Матасей. Домбеякъ медалым щхьэкIэ къыпэщIэта, Швецием щыщ дзюдоист Баате Карл къызэрытекIуэн Iэмал иритакъым.

Быф Идар УФ-м дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ, УФ-м и чемпионатхэм етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр къыщихьащ, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу щытекIуащ, и тренерыр Джэданэ Залымщ.

Иджы екIуэкIа зэхьэзэхуэм щызэпеуащ къэрал 27-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзэхэри зэхэту, 207-рэ. Японием и командэм медаль бжыгъэмкIэ япэ увыпIэр къихьащ, УФ-р етIуанэщ, ещанэр Германием и спортсменхэрщ.

Ди къэралым и командэ къыхэхар зэхьэзэхуэм щыIащ Урысей спорт фондыр къыдэIэпыкъуу.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# ЗыгъэсэныгъэхэрзэфIэкIащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Оперативнэ штабым, зэраубзыхуам тету, 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-24-хэм иригъэкIуэкIащ террорым пэщIэтынымкIэ зыгъэсэныгъэхэр.**

ТЕРАКТ къэхъуа нэужь ялэжь хабзэ Iуэхухэр зэфIагъэкIащ, а щIэпхъаджагъэм пэщIэтыныр зи къалэн IэнатIэхэр апхуэдэхэм деж зэрыхуэ щытыкIэхэм иту ящIэн хуейхэм зэрыхуэхьэзырыр къапщытащ.

Зыгъэсэныгъэхэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ УФСБ-м, МВД-м, къэралым СледствэмкIэ и комитетым и управленэм, МЧС-м, КъБР-м щыIэ Урысей гвардием, къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

Оперативнэ штабым теракт къэмыгъэхъуным, апхуэдэ ялэжь хъужыкъуэмэ, абы кърикIуэхэр гъэмэщIэным хуэгъэпса Iуэхур зэфIихащ.

Зыгъэсэныгъэм хуагъэува къалэнхэр гъэзэщIа хъуащ.

*КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.*

# «Спартак-Налшыкыр» хэмыту

***Макъуэуэгъуэм и 27-м къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щызэхэтащ. Краснодар крайм хыхьэ Первореченкэ къуажэм а махуэм «Спартак-Налшыкыр» щыIущIэн хуеящ абы и ПСК-м. АрщхьэкIэ ар щыIакъым. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ди щIалэхэм я хьэрхуэрэгъу гупыр зэпеуэм хэкIыжащ, арщхьэкIэ официальнэу зэкIэ щIагъэбыдакъым.***

ПЕРВОРЕЧЕНСКЭМ и ПСК-р мы гъэращ къыщыхыхьар етIуанэ дивизионым. Хъарзынэуи къыщIидзат, арщхьэкIэ, зэрыжаIэмкIэ, зэхьэзэхуэм текIуадэ мылъкур къыхуэгъэкъаруакъым. Иджы ПСК-р хэкIыжыр пэжмэ, зыхэта зэIущIэхэр щымыIауэ къалъытэнущ икIи кърикIуа бжыгъэхэр якъутэжынущ. Дауи, а псом иужькIэ турнир таблицэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр игъуэтынущ.

«Спартак-Налшыкым» ахэр зыкIи къыжьэхэуэнукъым, первореченскдэсхэм ядэджэгуну зэрыхунэмысам къыхэкIыу. Абы щыгъуэми зэхьэзэхуэм щыпашэхэм я очко бжыгъэм хигъэщIынущ. Псом хуэмыдэу ар зыхащIэнущ ПСК-м текIуауэ щыта Донецк и «Шахтёр»-мрэ «Ростов-2»-мрэ – дэтхэнэми очко щырыщ IэщIахыжынущ.

Зыщ фIэкIуэдыжынур «Севастополь»-м, зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжауэ зэрыщытам къыхэкIыу, икIи абы Iэмал игъуэтынущ и бжьыпэр зэпеуэм нэхъри щигъэбыдэну. Арагъэнущ, дауи, нэхъри тезыгъэгушхуар Нэзрэн къикIа «Ангушт»-м щэбэт кIуам щыдэджэгум. Пэжщ, севастополдэсхэр абы зэрефIэкIар зы топ закъуэщ, ауэ текIуэныгъэр зыIэригъэхьэфащ.

Пашэм къыкIэлъыкIуэхэми я очко бжыгъэм хагъэхъуащ. Апхуэдэу «Шахтёр»-р «Нефтяники»-м бжыгъэшхуэкIэ ефIэкIащ, «Ростов-2»-м жэуапыншэу топитI «Астрахань»-м худигъэкIащ.

Ялтэ щыIэу текIуащ Черкесск и «Нарт»-р. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ардыдэр Мейкъуапэ и «Дружба»-м Къырымым щыхузфэкIакъым. Ар «Кызылташ»-м къыпикIуэтащ, ерыщу хигъэзыхьа пэтми.

ИкIэм-икIэжым япэ текIуэныгъэр мыгъэрей зэхьэзэхуэм щызыIэригъэхьащ «Чайка-2»-м. Песчанокопскэ къутырым ар бжыгъэшхуэкIэ щефIэкIащ Мэхъэчкъалэ и «Динамо»-м и щIалэгъуалэ гупым. А тIуращ турнир таблицэм иджыпстукIэ къыщыкIэрыхур.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Заря»** (Луганск) - **«Победа»** (Хасавюрт) - **1:2**, **«Рубин»** (Ялтэ) – **«Нарт»** (Черкесск) - **1:2**, **«Шахтёр»** (Донецк) – **«Нефтяник»** (Избербаш) – **3:0**, **«Севастополь»** (Севастополь) – **«Ангушт»** (Нэзрэн) – **1:0**, **«Кызылташ»** (Бахъчисарай) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **3:2**, **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **2:0**, **«Чайка-М»** (Песчанокопскэ) - **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **3:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр бадзэуэгъуэм и 4-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщригъэблэгъэнущ зэхьэзэхуэм щыпашэ «Севастополь»-р.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

● Футбол

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | «Севастополь» | 14 | 10 | 3 | 1 | 23-8 | 33 |
| 2. | «Шахтёр» | 14 | 10 | 2 | 2 | 24-8 | 32 |
| 3. | «Ростов-2» | 14 | 10 | 1 | 3 | 30-14 | 31 |
| 4. | «Кызылташ» | 14 | 8 | 2 | 4 | 25-17 | 26 |
| 5. | «Дружба» | 14 | 7 | 3 | 4 | 19-12 | 24 |
| 6. | «Нарт» | 14 | 6 | 4 | 4 | 18-10 | 22 |
| 7. | «Победа» | 13 | 6 | 2 | 5 | 24-14 | 20 |
| 8. | «Спартак-Налшык» | 13 | 5 | 5 | 3 | 18-8 | 20 |
| 9. | «Рубин» | 14 | 5 | 4 | 5 | 16-14 | 19 |
| 10. | ПСК | 12 | 5 | 2 | 5 | 18-21 | 17 |
| 11. | «Астрахань» | 14 | 4 | 3 | 7 | 15-19 | 15 |
| 12. | «Нефтяник» | 14 | 5 | 0 | 9 | 13-36 | 15 |
| 13. | «Ангушт» | 14 | 4 | 1 | 9 | 7-16 | 13 |
| 14. | «Заря» | 14 | 3 | 3 | 8 | 14-24 | 12 |
| 15. | «Динамо-2» Мх | 14 | 2 | 2 | 10 | 9-26 | 8 |
| 16. | «Чайка-М» | 14 | 1 | 1 | 12 | 8-34 | 4 |

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленином и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.283
Заказыр №1343

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, корректорхэу **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(2, 3-нэ нап.)*

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.